



Pwogram ONE Mortgage

Rezon ki fè ONE se pwogram ki bay prè ki pi abòdab pou moun k ap achte kay premye fwa

Yo te kreye ONE Mortgage espesifikman pou moun k ap achte kay premye fwa ki gen salè ba ak modere. Li ofri konsomatè yo konfò paske yo konnen y ap ka peye ipotèk yo a. Pami karakteristik prensipal Pwogram ONE Mortgage la genyen, nou jwenn :

Enterè Fiks Konpayi k ap prete kòb yo ki patisipe nan pwogram nan ofri moun k ap achte kay yo yon enterè fiks ki gen rabè pandan 30 an atravè Pwogram ONE nan. Yo pa fè moun k ap achte kay la peye pwen.

Kòb depo ba Moun k ap achte kay yo dwe bay yon depo minimòm 3% pri acha a lè y ap achte yon kay ki gen yon apatman, yon kondominyòm, oswa yon kay ki gen de (2) apatman (yo egzije pou 1,5% kòb depo a soti nan pwòp ekonomi moun k ap prete kòb la; rès kòb depo a kapab yon kado oswa yon asistans nan kòb depo a). Si w ap achte yon kay ki gen twa apatman, kòb depo minimòm yo egzije a se 5% pri acha a, (3% dwe soti nan pwòp ekonomi moun k ap prete kòb la).

Pa gen Asirans pou Ipotèk Prive [Primary Mortgage Insurance (PMI)] Moun k ap achte kay avèk Pwogram ONE Mortgage yo ekonomize plizyè santèn dola chak mwa paske yo pa gen pou yo peye kòb asirans pou ipotèk prive ki chè a.

Sibvansyon nan enterè a Achtè ki kalifye selon salè yo ka kalifye tou pou yo resevwa peyman sibvansyone nan premye ane yo posede kay la. Konpayi ki prete kòb la aplike sibvansyon an otomatikman nan resi ipotèk chak mwa pwopriyetè kay la epi sibvansyon an ede peye yon pòson nan peyman ipotèk la pandan sèt premye ane moun nan posede kay la.

Abòdabilite alontèm Melanj inik ki gen ladan I finansman prive avèk rabè, enterè fiks ak sipò eta a diminye peyman ipotèk chak mwa moun ki achte kay yo a anviwon ven pou san.

Kay la ap pran valè Propriyetè kay ONE Mortgage yo peye nan kòb prensipal la nan chak peyman ipotèk. Sa ap ede kay yo pran valè epi pwopriyetè yo ap fè ekonomi. Pa gen limit nan apresyasyon valè a avèk Pwogram ONE Mortgage la.



A mortgage loan program
of the Massachusetts
Housing Partnership

www.mhp.net/onemortgage
Toll-free 1-800-752-7131

Kalifikasyon pou pwogram nan ?

Fanmi yo dwe reponn a kritè anba yo pou yo ka kalifye pou pwogram ONE Mortgage la. Yo :

- Dwe se yon **moun k ap achte kay premye fwa**. Sa vle di ou pa t posede yon kay nan entèval twa zan anvan w aplike nan pwogram ONE Mortgage la.
- Konplete yon kou sou edikasyon yo apwouve anvan moun achte kay.
- Dwe satisfè **limit salè total pou fanmi** pwogram nan. Limit sou salè yo varye selon kominote yo. Gade anba a pou w ka wè limit aktyèl yo pou salè a.
- Fwaye a dwe gen pi piti pase \$75,000 lajan kach (san konte kòb ou ekonomize pou pansyon tankou 401K and 403B).
- Gen yon **kòb depo total** ki egal 3% pri acha a lè w ap achte yon kondominyòm, kay ki gen yon apatman oswa kay ki gen de (2) apatman. Moun k ap achte kay yo dwe kontribye pou pi piti 1,5% kòb depo a k ap soti nan pwòp ekonomi yo; rès kòb depo a kapab yon kado oswa yon asistans nan kòb depo a). Si w ap achte yon kay ki gen twa apatman, kòb depo yo egzije a se 5% epi pou pi piti 3% dwe soti nan pwòp ekonomi w.
- Dwe reponn a **egzijans kredi ak souskripsyon** yon konpayi k ap prete kòb ki patisipe nan ONE Mortgage.
- Dwe asepte pou w abite nan kay ou achte nan Pwogram ONE nan kòm **kay prensipal ou pandan tout dire prè a**.



A mortgage loan program
of the Massachusetts
Housing Partnership

www.mhp.net/onemortgage
Toll-free 1-800-752-7131

Pwochen etap

Pwosesis achte kay la ka pi senp lè yo pran yon apwòch etap pa etap. Kou w detèmine ou ka kalifye pou yon prè ONE Mortgage, ou ka kòmanse swiv etap sa yo pou w vin posede kay.

Etap 1 : Edikasyon pou moun ki pral achte kay

Tout moun k ap prete kòb nan men ONE Mortgage dwe konplete yon kou sou edikayon pou moun k ap achte kay Massachusetts Homeownership Collaborative (Kolaborativ pou ede moun vin posede kay nan Massachusetts) apwouve. Lè kou yo, adrès kote y ap fè yo, frè pou peye, ak nan lang y ap bay kou yo varey tou depan de ajans k ap bay kou yo. Gade anba a pou w ka wè yon lis kote k ap bay edikasyon pou moun k ap achte kay yo apwouve.

W ap achte yon kay ki gen plizyè apatman ? Yo egzije moun k ap prete kòb pou yo achte yon kay ki gen twa apatman pou yo patisipe nan yon pwogram pran konsèy an tèt a tèt avèk yon ajans MHP apwouve anvan jou yo siyen pou yo achte kay la, anplis edikasyon pou moun k ap achte kay anvan acha a.

Etap 2 : Kontakte yon konpayi k ap prete kòb ki patisipe nan pwogram nan

Konpayi k ap prete kòb ki patisipe nan ONE Mortgage yo pran angajman pou yo sèvi kominate a, ak pou yo bay opsyon pou ipotèk ki san danje e abòdab pou moun k ap achte kay premye fwa ki gen salè ba ak modere. Nou ankourage moun yo ki gen potansyèl pou yo achte kay pou yo kontakte kèk nan konpayi nou genyen k ap prete kòb yo pou yo konpare to enterè, frè y ap fè yo peye pou yo achte kay la, ak pwosesis anvan yo apwouve w yo nan ONE Mortgage. Li enpòtan tou pou w jwenn yon konpayi k ap prete kòb ou santi w alèz pou travay avè l. Konpayi k ap prete w kòb la ap aplike pou ou nan Pwogram ONE Mortgage la epi l ap responsab pou l reponn nenpòt kesyon w genyen oswa trete nenpòt enkyetid ou genyen konsènan aplikasyon w nan.

W ap achte nan Boston ? Moun k ap prete kòb yo pou yo achte yon kay nan vil Boston an ap oblige fè Massachusetts Affordable Housing Alliance (MAHA) (Alyans pou lojman abòdab nan Massachusetts) sètifye salè yo. Tanpri kontakte MAHA nan 617-265-8995 pou w pran yon randevou.

Etap 3 : Travay avèk konpayi k ap prete w kòb la

Kou w fin chwazi yon konpayi k ap prete w kòb, w ap bezwen travay kole kole avèk li pandan tout pwosesis aplikasyon an jouk jou w siyen pou w achte kay la. Li enpòtan pou w bay tout dokiman yo mande yo e pou w reponn a demand moun k ap prete w kòb la a lè pou yo ka respekte dat angajman ak enprevi pou ipotèk la. Si w gen kesyon oswa enkyetid sou aplikasyon w nan, ou dwe kontakte moun ki responsab pou fè w jwenn prè a pou l ba w plis enfòmasyon.

Etap 4 : Kou pou moun ki fin achte kay la

Pran yon kou pou w pa pèdi kay ou (HomeSafe) apre w fin achte l se yon obligasyon nan pwogram ONE Mortgage la. Apre w fin siyen pou w achte kay ou a, ou gen yon ane pou pran yon kou HomeSafe yo apwouve. Pami sijè y ap diskite yo, nou jwenn antretyen ak reparasyon kay, asirans, penti ki gen plon, bidjè, rabè pou pwopriyetè kay, sibvansyon pou reyabilitasyon kay, fason pou jere lokatè, ak lòt resous ki disponib pou pwopriyetè kay.

Pou plis enfòmasyon, voye yon lèt elektwonik pou onemortgage@mhp.net oswa rele nan nimewo 1-800-752-7131.



A mortgage loan program
of the Massachusetts
Housing Partnership

www.mhp.net/onemortgage
Toll-free 1-800-752-7131